

PPG UIN Bandung, Intrumen Ngaronjatkeun Dunya Atikan

Ku Dr. H. Tatang Ibrahim, M. Pd *)

Sok sanajan sasalad Covid-19 masih kénéh maceuh, tapi pamaréntah tetep miboga rasa tanggung jawab pikeun ngaronjatkeun dunya atikan, kaasup atikan di lingkungan Kementerian Agama (Kemenag) RI nu di pupuhuan ku Yaqut Cholil Qoumas nu sok dilandi Gusmen. Salah sahiji intrumén pikeun ngaronjatkeun dunya atikan diantarana ngayakeun kagiatan PPG (Pendidikan Profési Guru) nu méh unggal taun dilaksanakeun. Lembaga nu sok kapeto pikeun ngalaksanakeuna PPG di lingkungan Kemenag RI nyaéta PTKIN (Perguruan Tinggi Keagamaan Islam Negeri (PTKIN) saperti UIN, IAIN, STAIN ditambah Perguruan Tinggi Umum nu ditunjuk Kementerian Agama.

Luyu kana Kaputusan Diréktur Jéndral Pendidikan Islam Nomor 2731 Tahun 2021, UIN Sunan Gunung Djati Bandung mangrupikeun salah sahiji paguron luhur Islam nu ditunjuk pamaréntah pikeun ngalaksanakeun PPG ogé dumasar kana nilai akreditasi Prodi Pendidikan Agama Islam (PAI) meunang peringkat A. Taun 2021 UIN Sunan Gunung Djati Bandung bakal ngalaksanakeun PPG nu jumlahna 775 peserta ti 9.000 peserta sasional. Kukituna UIN Sunan Gunung Djati bener-bener ngalaksanakeun kagiatan PPG pinuh ku rasa tanggung jawab sagemblengna, hiji kahormatan ti pamaréntah anu moal dimomoré.

Kitu deui pihak pamaréntah Kabupatén/Kota sa Jawa Barat nu geus ngirimkeun peserta PPG (khusus guru PAI maké anggaran APBD) miharep gedé ka pihak UIN Sunana Gunung Djati Bandung pikeun ngabimbing para mahasiswa, dina harti para dosén bener-bener méré élmu pangaweruh jeung



bimbinganana, supaya engké dina Ujian Akhir bisa lulus banglus saratus persén. Kapan ayeuna mah ti mimiti prung nepi ka tuntasna dilaksanakeun PPG sacara daring. Dosén jeung mahasiswa PPG teu bisa pajonghok, alatan ku ayana sasalad Covid-19 téa, jadi diajar jeung bimbinganana sacara daring téa.

Pihak UIN Sunan Gunung Djati Bandung, ngalalangkungan pupuhuna Prof. Dr. H. Mahmud, M. Si, dina acara Refreshment (31 Mei 2021, di Gedung PPG FTK UIN Sunan Gunung Djati Bandung) calon pengajar PPG meredih ka Civitas FTK, pikeun ngalayanan peserta PPG sa hadé-hadéna bari dibarengan ku rasa ikhlas, supaya peserta PPG meunang élmu anu manfaat bari onjoy. "Syukur urang sadaya Civitas FTK geus dipercaya ku pamaréntah keur ngalaksanakeun kagiatan PPG. Ieu hiji ciri yén UIN Sunan Gunung Djati Bandung meunang kahormatan, kukituna kasempetan ieu kudu dimanfaatkan sahadé-hadéna", saurna.

Kiprah UIN Sunan Gunung Djati Bandung, dina ngaronjatkeun dunya atikan, moal birek deui. Kukituna sakumaha nu diamanatkeun ku pupuhu UIN Sunan Gunung

Djati Bandung, jadi énérgi pikeun para dosén salaku tutor na dina ngalaksanakeun bimbinganana. Malah ceuk Ketua Prodi PPG UIN Sunan Gunung Djati Bandung Dr. Asep Nursobah, FTK UIN Bandung geus tatan-tatan ti tanggalna kénéh pikeun ngalaksanakeun PPG nu baris dilaksanakeun antara 7 Juni - 6 September 2021 nu bakal ngagarap 10 modul.

Tinangtu hasil PPG nu dilaksanakeun ku UIN Sunan Gunung Djati Bandung bakal aya tapakna, malah jadi énérgi bisa ngatutaskeun bonus démografi. Kapan prédiksina taun 2020-2030 nagara urang bakal asup bonus démografi, 70 % rakyat nagara urang bakal produktif.

Kukituna guru hasil PPG kudu bisa minterkeun para siswana supaya calakan, loba pangabisana, binangkit. Ceuk basa kolot mah kudu bisa noong ka pagéto, ----basa ilmiahna futurologi----, bisa maca galagat zaman nu rék disorang méh mampuh bersaing jeung warga nagara séjén. Malah ti ayeuna kénéh ogé pan urang geus aya di wewengkon 4.0, jadi kudu geus tatan-tatan, ulah cicingeun, bisi jadi tamu di nagara sorangan.

Guru hasil PPG kudu miboga opat kompetensi dumasar kana Undang-Undang Nomor 14 Tahun 2005 tentang Guru dan Dosén, pasal 10 ayat (1) nyaéta kompetensi pedagogik, kompetensi kepribadian, kompetensi sosial, jeung kompetensi profesional. Opat kompetensi éta diperedih ngaliwatan PPG, diantarana nu dilaksanakeun ku UIN Sunan Gunung Djati Bandung kiwari.

*)*Dosén Prodi Manajemen Pendidikan Islam FTK UIN Sunan Gunung Djati Bandung*